



# OFFICE OF ADMINISTRATIVE TRIALS AND HEARINGS

Help Center

## Kisa yo rele yon “Sitasyon”?

Yon “**Sitasyon**,” ki rele tou “kontravansyon,” se yon dokiman ki mete yon moun oswa yon biznis okouran gen yon ajans Vil New York ki akize li dèske li komèt yon enfraksyon kont yon lwa, règ oswa règleman, epi ki fè l konnen limenm, oswa yon reprezantan, dwe parèt nan OATH nan yon sèten dat pou reponn akizasyon sa a. Yo gendwa remèt ou Sitasyon an an pèsonn, pa lapòs, oswa yo gen dwa “afiche” li (sa vle di, tepe l) sou pòt lokal la.

Fason yo te remèt ou sitasyon an rele “siyifikasyon.” Siyifikasyon an enpòtan paske gen règ presi pou kijan yo dwe remèt yon sitasyon.

**Pou jwenn plis enfòmasyon sou fason yo dwe remèt ou yon sitasyon, tanpri pale avèk yon reprezantan nan Sant Èd OATH la.**

### Ki Enfòmasyon Ki Dwe Genyen Nan Yon Sitasyon?

1. Non ak adrès (si yo konnen yo) moun oswa biznis y ap akize dèske li komèt enfraksyon an. Moun sa a oswa biznis sa a rele “moun ki an kòz la”.
2. “Yon deklarasyon klè ak kout ki sifi pou mete” moun ki an kòz la “okouran fè esansyèl” ki swazidan fè pati enfraksyon yo akize l li komèt la(yo), sa gen ladan l dat la, kote a, ak lè a.
3. Kont enfòmasyon pou moun ki an kòz la ka gen “avètisman presi sou seksyon lalwa, règ, oswa règleman li swadizan pa respekte a.”
4. Kont enfòmasyon pou moun ki an kòz la ka “kalkile penalite maksimòm” li riske gen pou peye a si yo jije li te komèt enfraksyon an(yo).
5. Avi pou moun ki an kòz la pou fè l konnen dat, lè, ak kote odyans lan pral fèt. Dat la dwe omwen ken (15) jou kalandriye apre yo te voye sitasyon an, men pou sèten kalite sitasyon, moun ki an kòz la ka mande pou yo fè odyans lan pi bonè.
6. Avi pou moun ki an kòz la pou fè l konnen si li pa vini nan odyans lan, y ap deklare li an defo epi y ap jije li “te komèt enfraksyon an”.
7. Enfòmasyon adekwat pou mete moun ki an kòz la okouran dwa li dapre Règ OATH yo.

**Si Sitasyon W Lan Manke Nenpòt Nan Enfòmasyon Ki Mansyone Pi Wo A, Sa Gendwa Nan Enterè W Pou W Pale De Pwoblèm Sa A Pandan Odyans OATH Ou A.**

**Si ou Bezwen Plis Èd, Tanpri Kontakte Sant Èd OATH la (OATH Help Center) An Pèsòn Nan Nenpòt Lokal OATH, depi nan Lendi rive nan Vandredi, Apati de 8 AM pou 5 PM, Pa Telefòn Nan (212) 436-0845, Oswa Pa Imèl Nan [Manhelpcenter@oath.nyc.gov](mailto:Manhelpcenter@oath.nyc.gov).**

<b>Bronx</b> 260 E.161st Street, 6th FL Bronx, NY 10451	<b>Brooklyn</b> 9 Bond Street, 7th FL Brooklyn, NY 11201	<b>Manhattan</b> 66 John Street, 10th FL New York, NY 10038	<b>Queens</b> 31-00 47th Avenue, 3rd FL Long Island City, NY 11101	<b>Staten Island</b> 350 St. Marks Place, Main FL Staten Island, NY 10301
---	--	---	--	---